

Fason Paran yo Kapab Sipòte Devlopman Kominikasyon Sosyal



Pou kisa Devlopman Kominikasyon Sosyal Enpòtan?

Devlopman bon kominikasyon kòmanse nan premye ane lavi timoun nan epi li rive lwen apre timoun nan aprann fason pou pale. Devlopman kominikasyon gen rasin li nan entè-aksyon sosyal avèk paran yo ak lòt moun k ap bay swen pandan aktivite chak jou yo. Kwasans pitit ou nan kominikasyon sosyal enpòtan pou pitit ou konekte avèk ou, aprann langaj epi jwe konsèp, epitou fikse etap pou aprann li ak gen siksè pidevan nan lekòl. Ladrès pou bon kominikasyon se pi bon zouti pou evite pwoblèm konpòtman epi sa fè li pi fasil pou travay nan moman fwistrasyon tout tibebe ak jèn bebe yo genyen.



Aprantisaj kapab Fè nan Aktivite Chak Jou

Tibebe yo ak jèn bebe yo aprann nan pratik. Yo aprann mo yo ak fason yo entè-aji avèk lòt moun lè yo analize aktivite ki bòkote yo ak lè yo patisipe ladan. Aktivite ak woutin chak jou yo bay anpil okazyon enkwayab pou aprann pou jèn timoun yo. Aktivite chak jou yo kapab pa menm ditou nan fanmi yo ak kilti yo, men gen anpil aktivite komen fanmi yo fè ansanm. Malgre diferans yo, pifò fanmi yo pase tan ap manje, ap bay swen youn pou lòt, ap fè travay nan kay fanmi epitou ap fè komisyon, jwe, soti an fanmi, epi aprann nan liv oswa nan lòt aktivite amizan ansanm. Lè ou gade depre fason fanmi an pase tan, w ap jwenn moman pou aprann kote ou espere sa mwens. Si ou pran avantaj nan evènman òdinè lavi chak jou, w ap fè chak moman



konte toutbon pou aprantisaj pitit ou. Moman nan aktivite ou fè deja kapab ajoute sou minit ak èdtan ki kore aprantisaj ak devlopman.

Fason pou Kore Aprantisaj ak Devlopman nan Aktivite Chak Jou

Rechèch yo fè idantifye sèten sipò paran yo itilize pou kore devlopman kominikasyon sosyal. Sipò sa yo kapab òganize an twa (3) kouch tankou kouch yon gato. Tankou fè yon gato an kouch, li enpòtan pou kreye premye kouch la anvan ou ajoute dezyèm ak twazyèm kouch yo. Men kèk ti konsèy pou kore kominikasyon sosyal pitit ou kouch-pa-kouch.

Iye Kouch: Kreye yon moman aprantisaj.

Jwenn oswa kreye moman aprantisaj nan aktivite chak jou yo.

Moman aprantisaj yo se lè oumenm ak pitit ou gen menm atansyon nan yon pwogram komen oswa lè nou patisipe nan yon aktivite ansanm. Kèk aktivite la sèlman pou plezi. Aktivite tankou chanje kouchèt oswa leve men se aktivite ki nesese men yo pa bay motivasyon pou pitit ou. Si ou ajoute materyèl enteresan oswa lòt sipò sa kapab ede fè aktivite ki nesese yo pi enteresan ak amizan.



Ofri pitit ou yon wòl pwodiktif ak etap ki prediktib.

Wòl pou yon jèn timoun kapab senp menm jan ak lè ou kenbe oswa lage yon bagay epi nan yon aktivite chak jou li gen yon objektif enpòtan. Pitit ou kapab kenbe yon nouvo kouchèt epi li kapab lonje li ba ou lè ou pare pou li. Pitit ou kapab ede siye plato ki sou chèz wo a epi jete yon napkin nan fatra pou make “fini” avèk kolasyon. Kite pitit ou pran yon lavèt nan plaka a, pran yon jwèt li pi renmen, epi jete yo nan benywa a pou li pare pou tan pou benyen, epi ede etenn limyè a lè li fin benyen.



Itilize pozisyon ou nan avantaj ou.

Si ou pozisyon tèt ou devan pitit ou sa ap fè li vin pi fasil pou youn siveye lòt epi pou nou gen yon objektif komen, tankou pandan yon jwèt sosyal tankou peek-a-boo oswa “I’m gonna get you” oswa lè l ap jwe avèk yon jwèt ki enterese li. Lè ou toupre epi lè w ap gade sa pitit ou ap gade a, ou kreye yon moman aprantisaj oumenm ak pitit ou kapab jwi ansanm.

Pale sou sa pitit ou ap gade a.

Pou tibebe yo, itilize mo senp sou sa pitit ap fè oswa sou sa l ap fè atansyon. Moman sa yo lè ou itilize mo sou eksperyans pitit ou se moman ki enpòtan anpil pou devlopman langaj.

2yèm Kouch: Fè li amizan epi kontinye li.

Ankouraje inisyasyon.

Fè atansyon nan siyal sou-tit pitit ou tankou lonje men pou rive nan yon fenèt, montre ou yon goblè, oswa fè bwi lè chat la ap mache toupredi. Bagay sa yo se premye efò pitit ou ap fè pou fè ou konnen lide li yo. Ou kapab ankouraje inisyasyon tou depi ou detire kò ou nan poz nòmal yo pou bay pitit ou pratik pou li kominike lide pa li yo.



Ekilibre patisipasyon ou yo.

Eseye bay pitit ou yon patisipasyon apre chak nan patisipasyon pa ou yo. Patisipasyon pitit ou ap yon aksyon oswa son ki senp nan premye a, epi dènye a ap gen mo yo ladan. Lè ou gen yon aktivite k ap kontinye, pitit ou ap aprann oumenm ak li ap patisipe avèk aksyon, son, ak mo. Lanse ale-retou sa a ant oumenm ak pitit ou prepare teren pou konvèsasyon pita.

Fè mesaj ou yo klè.

Lè ou remake langaj ak lè ou reponn avèk langaj, ou ede pitit ou wè oumenm ak li ap fè echanj lide ak enfòmasyon. Timoun yo konprann langaj souvan anvan yo kapab pale. Lè ou itilize langaj pitit ou bezwen tandè, tankou “When you use language that your child needs to listen to, like ‘Where’s your fork?’ (Kote fouchèt ou?) oswa ‘give me shoe!’ (ban mwen soulye a) avèk yon men ou louvri, ou montre pitit ou kijan li enpòtan pou li fè atansyon nan jès ak langaj lòt moun. Lè w ap bay yon enstwiksyon, di sa tankou ou vle di sa, epi eseye di sa yon sèl fwa anvan ou ede pitit ou swiv enstwiksyon an.

3yèm Kouch: Prezante, ogmante epi kontinye bouje!

Prezante modèl, mo ak aksyon

Lè oumenm ak pitit ou ap fè yon aktivite ansanm epi lè nou kontinye ap patisipe, ou kapab kòmanse ajoute jès, mo, ak aksyon jwèt. Lè pitit ou remake yon zwazo deyò fenèt la, ou kapab prezante nouvo mo tankou “I see red bird!” (Mwen wè zwazo wouj) oswa “bird go bye bye” (zwazo a di orevwa). Lè w ap jwe avèk kèk jwèt, ou kapab



montre pitit ou lè li estoke bagay li kapab tape yo ansanm pou fè yon son enteresan, oswa li kapab kontinye tèt ou kòm yon chapo dwòl.

Ogmante aktivite a ak wòl yo

Lè ou detire kò ou nan mitan aktivite yo sa kapab bay pitit ou plis patisipasyon ak plis nouvo wòl. Avèk yon balon, ou kapab woule li ale-retounen, rebondi li, oswa itilize li pou lage yon gwo bilding atè. Ou kapab fè pitit ou patisipe nan tranzisyon yo ant aktivite yo. Ou kapab ofri nouvo wòl lè ou di “Moman pou kouchèt la. Vini! An nou jwenn lenjèt yo”, oswa “bay Manman ou kle yo, moman pou ale nan magazen!”

Espere plis bagay pandan pitit ou ap grandi

Lè pitit ou kontan ak lè l ap pran plezi li sa reprezante pi bon moman pou espere plis bagay. Kenbe pou toujou gen pi bon kominikasyon. Lè pitit ou egzijan, eseye konprann sa ki move epi ofri li sipò.

Si ou prezante nouvo mo ak aksyon, si ou ogmante woutin yo pou ajoute nouvo wòl ak tranzisyon pandan pitit ou ap grandi sa ap bay pitit ou yon kòmansman avèk elan pou li aprann. Ladrès ki efikas nan kominikasyon sosyal ap ede pitit ou gen siksè lakay li, soti pou ale nan kominote a epi nan anviwònman lekòl pidevan.